Cosaanu Dagana -

Balaa ma lay wax dara ci cosaanu Dagana, dinaa la leeral lëf - soo ko xamulwoon - Kuli Jal mii sos Dagana moo jur ku ñuy wax Buubu Jal ; Buubu Jal, moo jur Faama Jal, mu jur Ramata Jal ; Ramata Jal jur Allaji Saalif Mbeng ; Allaji Salif Mbeng jur Umar Mbeng, mu jur la. Koon nag Kuli Jal moomu sos Dagana, sa maam la àqan !!

Sa maam Kuli Jal naan la sose Dagana ag lan moo indi turu Dagana ?

- Kuli Jal pël lawoon bu yore ay juram di sàmm ; tàñ yoo-uyle sàmm yi, dañu daan wër rekk, di topp déég yi - bu ci fer rekk ñu daldi toxu - dem feneen ngir ñu am lu nàndale seen i jur. Jamano Yooyule, fii Dagana nekk tey gott lawoon, ndaxte dex gi - ca la ko dale Maatam ba Ndar gott gee ko séqoon.

Sa ñoom maam daan nañu ñów ba ci buntu gott gi, ñu sañc fo-ofu. Daawuñu jëëm sax dugg ci biir gott gi ndaxte rabu àll yi dañu barewoon ; ndekkete yoo booba soo doxee diir bu tuuti rekk, ci biir gott gi daa jot dex gi, wante ndeysaan, booba, ñoom xa-muñuwoon sax luy dex, te fooguñuwoon ni lu mel noona mënoon na am ci biir gott gi.

Ca jamano yooyale sa maam Kuli Jal amoon na ay xaj yu daan ànd ag jur gi. Ci xaj yooyu amoon na ci benn boo xam ni dafa taqoon sa maam lool, fu mu mosaan jëm rekk, mu topp ko. Xaj boo-bu, sa maam a ngi ko daan woowe Tupaas.

Benn bés nag, sa maam Kuli Jal gis xaj bi jógé ci biir gott gi, tànk yi taq ripp ag suuf su tooy ; sa maam daldi né Tupaas mii gis na déég ci biir gott gi ; beneen yoon su duggatee ci biir gott gi dinaa ko topp ba xam fu déég bi nekk.

Ca ëllëg sa mu yewu teel - di nég Tupaas duggaat ca biir gott ga. Nakka Tuppas duggee ci biir gott gi rekk sa maam jóg topp ci, wante similaag-saala - rekk Tupaas raw ko ba réér ko ci biir garab yi, sa maam dellusi, jaaxle lool.

Mu am ay fan di seet rekk nu muy def ba mën topp Tupaas ci biir gott gi, te du ko réér.

Benn bés mu nég ba waxtu wi Tupaas daan dugg ci biir gott bi jot, mu daldi jàpp xaj bi, jël benn sagar, buub dóóm bu nekkoon ca bëreb bi ñu daan taale, fas ko ca morso ba, jël morso ba yeew ko ci biiru Tupaas, bënn ca morso ba benn bënbën bu sew ; ba mu noppee mu bàyyi Tupaas, dàq ko mu dugg ci biir gott bi, mu jël jaaséém topp ci ginnaawam, nees tuut, xaj bi réérati ko ci biir garab yi ; - waaye dóóm ba nekkoon ci morso ba tuuru na ci yoon wi xaj bi jaaroon.

Sa maam Kuli topp yoon wi, ame jaaséém di fej garab yu ndaw yi ko fatanqal yi. Mu jappee ko noonu ba mu am saa, gisatul garab ci kanamam, dóóm ba itam jeex ; saa-i-saa rekk mu gis ci ay rëdd yu tuuti, waaye foofu mu tolluwoon ay garab amatu fa woon, ñax mi rekk fi saxoon ba egsi ko ci biir, waaye fu Tupaas jaaroon ñax ma nga fa tëdd sàkk benn yoon wu sew. Sa maam topp yoon woowu di xàji ñax mi ag jaaséém ba egsi ci dex gi ; bi mu gisee dex gi dafa tiit ba di lox, waaye teewul mu àndusi ba laal ko, ba mu wóór ko ni fii ndox rekk la ; mu def léémayam ba noppi, naan ci bou baxx, raxasu ci ba yaramam fééx, mu jóg taxaw, xolaat dex gi ba mu yàgg, mu né :

- Bëréb bii dagan naa dëkk.

Ci la sàmm yi jógé rekk jóóru ci booru dex gi, gor garab ya fa nekkoon, sañc fa benn dëkk ñu tuddé ko Dagana

Ci la nit ñi jógé sos yeneni dëkk ci booru dex gi yu deme nikki Gaaya ag Boqol. Yoon woowa la sa maam Kuli jaaroon ci bi muy jóórusi ci dex gi, topp ci ginnaaw Tupaas, moo aw tey ci diggu marse bi, am na koñ bu sew bu jëm ci marse bi, foofu la sa maam awoon ; soo duggee ci koñ bu sew boobulé, taax mu màggat a ngi ci sa càmmoñ te ñu tabaxe ko ag birig yu xonq. Ci taax moomu lañu deñc sa maam Kuli Jal, ci wàll gu sës gi ci mbedd mu sew mi. Loolu laa amoon ci l u ma lay xamal ci Cosaa nu Dagana./.